fi jaam bi di gën a jegee Boroomam mooy bu sujjóotee, deeleen ci baril ay ñaan

Jële na ñu ci Abuu Hurayrata -yal na ko Yàlla dollee gërëm- mu jële ci Yónente bi -yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc- mu wax ne: «fi jaam bi di gën a jegee Boroomam mooy bu sujjóotee, deeleen ci baril ay ñaan».

[Wér na] [Muslim soloo na ko]

Leerarug adiis bi: Yónente bi -yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc- day leeral ne fi jaam bi di gën a jegee Boroomam mooy bu sujjóotee; ndaxte kiy julli day teg li gën a kawe te tedd ci yaramam ci kaw suuf ndax woyoflu la ak toroxlul Yàlla mu kawe mi fekk ma nga sujjóot. Yónente bi -yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc- digle na baril ñaan ca sujjóot ya, bu ko defee toroxlul Yàlla ci wax ak jëf daal di daje.

http://www.sunnah.global/hadeeth/wo/show/5382